



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU FÈ 2 MILYON KAY KI ADAPTE AK KLIMA A DISI 2030

*Avèk bilding yo ki konte pou plis pase yon tyè polisyon klima nan New York, Gouvènè a ap lanse angajman san presedan pou akselere bilding ki elektrifye oswa ki pare pou elektrifye ki ekolojik*

*Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon tou pou asire ke tout nouvo konstriksyon bilding yo zewo emisyon dis 2027*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan pou atenn 2 milyon kay ki adapte ak klima, ki elektrifye oswa ki pare pou elektrifye dis 2030 nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2022 a. Gouvènè Hochul te anonse tou lejislasyon pou asire ke tout nouvo konstriksyon bilding yo rive nan zewo emisyon dis 2027. Angajman san presedan sa pou diminye emisyon imèb yo, ki lakoz plis pase yon tyè polisyon klima nan New York, ap asire tou ke plis pase 800,000 fanmi ki gen revni ki fèb ak revni mwayen ka sekirize modènizasyon enèji pwòp.

"Pou fè pwogrè ki reyèl sou chanjman klimatik la, li lè pou n atake gwo sous polisyon yo anfas, asire gen lojman ki pi ekolojik ki disponib pou tout Nouyòkè, epi pave wout vè yon avni ki pi dirab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman k ap pote transfòmasyon sa nan enfrastrikti vè a ap simante estati New York nan ban devan aksyon klimatik la epi asire egalite nan tranzisyon vè yon eta ki pi pwòp, pi ekolojik."

Plan Gouvènè Hochul pou atenn yon minimòm 1 milyon kay ki elektrifye e jisk a 1 milyon kay ki pare pou elektrifye dis 2030 lan ankre pa yon seri aksyon lejislatif ak politik ki solid. Plan an ap:

- Egzije zewo emisyon gaz efè sèr pou nouvo konstriksyon pa pi ta pase 2027
- Modènize règ efikasite aparèy New York yo, diminye itilizasyon enèji pandan l ap fè Nouyòkè yo fè ekonomi plizyè milya dola nan depans sèvis piblik
- Bay manda pou analiz enèji pou gwo bilding, k ap rann li pi fasil pou swiv amelyorasyon efikasite enèji a toutotan tan ap pase
- Reyini sektè finans, ipotèk ak bank yo pou ede aliyen kapital prive yo ak objektif dirabilite lojman sa
- Bay pwogram fòmasyon ki nesèsè pou asire ke New York gen mendèv ki kalifye pou livre sèvis sa yo

- Entwodui lejislasyon an nan nivo teren an pou opsyon enèji pwòp epi mete fen nan obligasyon pou sèvi kliyan yo ak gaz natirèl ki egziste aktyèlman nan lwa eta a, ki fèt pou fè l rete nan pri ki abòdab pou konsomatè New York ki pi vilnerab yo
- Mande Otorite Enèji ak Devlopman Eta New York la (New York State Energy and Development Authority, NYSEERDA), Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), ak Depatman Deta a, (Department of State, DOS) pou livre yon plan ki ka egzekite pou atenn objektif sa ane sa, ak yon pwopozisyon finansman ak estrateji pou eksplwate kapital prive a
- Ogmante to elektrifikasyon aktyèl pou apeprè 20,000 kay pa ane pou li plis pase dekouple nan fen deseni an
- Etabli yon fon elektrifikasyon vè ki devwe epi elektrifye kay ki gen revni ki ba yo atravè nouvo 25 milya dola HCR la, plan kapital lojman sou senk an, k ap fè objektif eta yo pou kreye lojman ekolojik nan pri abòdab yo avanse

Nan kad plan sa, Gouvènè Hochul ap mande DPS tou pou asire ke sèvis piblik a gaz yo minimize investisman nan nouvo enfrastrikti gaz ki koute chè yo, fè pwomosyon lòt opsyon pou minimize demann lan, epi angaje manm kominote defavorize yo konplètman epi jisteman nan tranzisyon gaz la.

Gouvènè Hochul ap avanse yon pwopozisyon lejislatif lidè nan peyi a pou nouvo kòd konstriksyon bilding yo:

- Egzije pou nouvo konstriksyon nan tout eta a genyen zewo emisyon gaz efè sèr pa pi ta pase pou 2027
- Antre akonplisman objektif rediksyon gaz efè sèr Eta New York la nan devlopman nouvo kòd konstriksyon an
- Mete kritè efikasite kòd konstriksyon an ajou pou teni kont de dire lavi ekipman ki enstale a
- Elaji Konsèy Kòd Prevansyon Ensandi ak Konstriksyon Eta New York la (New York State Fire Prevention and Building Code Council) pou enkli Direktè Egzekitif ak PDG NYSEERDA ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Angajman sa fè pati ajenn konplè Gouvènè a pou dekarbonize bilding yo nan New York, ki genyen ladan l fason pou pote solisyon enèji vèt pou plis pase 1,000 lekòl piblik.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)